



**REPUBURIKA Y'UBURUNDI**  
**REPUBLIQUE DU BURUNDI**



**IBWIRIZWA SHINGIRO RYA**  
**REPUBURIKA Y'UBURUNDI**

**CONSTITUTION**  
**DE LA REPUBLIQUE DU BURUNDI**

REPUBURIKA Y'UBURUNDI  
REPUBLIQUE DU BURUNDI



UBUMWE - IBIKORWA - AMAJAMBERE

CONSTITUTION  
DE LA REPUBLIQUE DU BURUNDI

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,  
La Commission Constitutionnelle ayant élaboré ;  
Le Conseil des Ministres ayant délibéré;  
Le Peuple burundais ayant adopté par référendum du 17 mai 2018;  
La Cour Constitutionnelle ayant validé les résultats du Référendum par l'Arrêt n° RCCB 356 du 31 mai 2018;  
Revu la Constitution du 18 mars 2005;  
**Promulgue la Loi Fondamentale de la République du Burundi dont la teneur suit:**

PREAMBULE

NOUS, PEUPLE BURUNDAIS :  
Conscients de nos responsabilités devant Dieu ;  
Conscients de nos responsabilités et de nos devoirs devant l'histoire et les générations futures ;  
Réaffirmant notre foi dans l'idéal de paix, de réconciliation et d'unité nationale conformément à l'Accord d'Arusha pour la Paix et la Réconciliation au Burundi du 28 août 2000 et aux Accords de cessez-le-feu ;  
Affirmant l'engagement du Burundi au respect du Traité portant création de la Communauté Est Africaine (EAC) ;

IBWIRIZWA SHINGIRO  
RYA REPUBURIKA Y'UBURUNDI

UMUKURU W'IGIHUGU C'UBURUNDI,  
Umugwi w'Igihugu ujejwe guhinyanyura Ibwirizwa Shingiro umaze gutanga icegeranyo cawo;  
Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino;  
Abarundi bamaze kwemeza Integuro y'Ibwirizwa Shingiro babicishije mu matora yo ku wa 17 Rusama 2018;  
Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro imaze kwemeza ivyavuye mu matora yo ku wa 17 Rusama 2018 mu ngingo yayo RCCB 356 yo ku wa 31 Rusama 2018;  
Hasubiye kwihwezwa Ibwirizwa Shingiro ryo ku wa 18 Ntwarante 2005;  
**Aratangaje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi rikurikira:**

INTANGAMARARA

ABARUNDI TWESE :  
Tuzirikanye ivyo dutegerejwe imbere y'Imana ;  
Tuzirikanye ivyo dutegerejwe imbere y'abariho n'abazovuka ;  
Twongeye kwiyemeza gushira imbere amahoro, ugusubiza hamwe n'ubumwe bw'Abarundi hisunzwe amasezerano y'i Arusha yerekeye kugarukana amahoro n'ukunywanisha Abarundi yashizweko umukono kw'igenekerezo rya 28 Myandagaro 2000 hamwe n'Amasezerano yo guhagarika intambara ;  
Kuberako twemeza ishaka Uburundi bufise ryo kwubaha n'ukwubahiriza Amasezerano agenga Umuryango w'ibihugu bigize Afrika yo mu Buseruko (EAC) ;

Réaffirmant notre plus grande détermination à défendre la souveraineté nationale et à consolider l'indépendance politique et économique de notre pays ;

Considérant l'impérieuse nécessité d'assurer la stabilité politique, de promouvoir le développement économique et social de notre pays et d'assurer la sauvegarde de notre culture ;

Considérant la nécessité de sauvegarder et de pérenniser un ordre démocratique pluraliste et un Etat de droit ;

Proclamant à nouveau que tout être humain, sans distinction de race, de religion ni de croyance, possède des droits inaliénables et sacrés ;

Réaffirmant solennellement notre attachement au respect des droits fondamentaux de la personne humaine tels qu'ils résultent des textes internationaux relatifs aux droits de l'homme ratifiés par le Burundi ainsi que les principes fondamentaux reconnus par les lois de la République ;

Affirmant l'importance dans les relations internationales du droit des peuples à disposer d'eux-mêmes ;

Considérant que les relations entre les peuples doivent être caractérisées par la paix, l'amitié et la coopération conformément à la Charte des Nations Unies du 26 juin 1945 ;

Réaffirmant notre attachement à la cause de l'unité africaine conformément à l'Acte Constitutif de l'Union Africaine du 25 mai 2002 ;

Réaffirmant notre engagement à construire un ordre politique et un système de Gouvernement inspirés des réalités de notre pays et fondés sur les valeurs de justice, de démocratie, de bonne gouvernance, de pluralisme, de respect des libertés et des droits fondamentaux de l'individu, de l'unité, de solidarité, de compréhension mutuelle, de tolérance et de coopération entre les différents groupes ethniques de notre société ;

Profondément attaché à la légalité constitutionnelle et aux institutions démocratiques ;

Considérant que l'élection démocratique est le seul moyen par lequel le peuple choisit librement ses gouvernants ;

Condamnant tout mode non démocratique d'accession au pouvoir ;

M  
bl

Twongeye kwemeza ishaka rikomeye dufise ryo kurwanira ubwigenge no kwikukira mu vya poritike n'ubutunzi bw'igihugu cacu ;

Twihweje akamaro ko gutsimbataza intwaro irama no guteza imbere ubutunzi, imibano n'ukubungabunga imico kama y'igihugu cacu ;

Twihweje akamaro ko gutsimbataza intwaro rusangi n'igihugu kiganzwa n'amategeko ;

Dusubiriye gutangaza ko zina kiremwa muntu, atagusobanura ubwoko, idini canke ukwemera kwiwe, afise uburenganzira ntakomakomwa ;

Dusubiriye kwemeza icese ishaka dufise ry'ukwubahiriza uburenganzira shingiro bwa kiremwa muntu nk'uko bitegekanijwe n'amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu yemejwe n'Uburundi hamwe n'ingingo ngenderwako zemewe n'amategeko y'Igihugu ;

Twemeje ko ukwishira n'ukwizana kw'abantu mu kwituganiriza ivyabo ari inkoramutima mu migenderanire n'amakungu ;

Twihweje ko imigenderanire y'ibihugu itegerezwa kurangwa n'amahoro, ubucuti, n'ugufashanya hisunzwe Amasezerano y'ishirahamwe mpuzamakungu (ONU) yo ku wa 26 Ruheshi 1945 ;

Dusubiriye kwiyemeza kutadohoka ku bumwe bw'Afrika hisunzwe Itegeko rishinga ishirahamwe ry'ubumwe bw'Afrika ryo ku wa 25 Rusama 2002 ;

Dusubiriye kwiyemeza gushiraho ingendo ya poritike n'intwaro bifatiye ku mico n'akaranga vy'Igihugu cacu kandi bifatiye ku butungane, ku ntwaro rusangi, ku ntwaro ibereye, ku migambwe myinshi, ku kwishira n'ukwizana kw'umuntu wese, ugushigikirana n'umwumvikano wa bose, ku kwihanganirana n'ugufashanya hagati y'ubwoko butandukanye bugize igihugu cacu ;

Twishimikije ishaka dufise ry'ukwubaha n'ukwubahiriza Ibwirizwa Shingiro hamwe n'inzego zitorewe n'abenegihugu ;

Twihweje ko amatora ari bwo buryo bwonyene abenegihugu bakoresha mu kwitorera ababarongora ;

Twiyamirije twivuye inyuma uburyo ubwo ari bwo bwose bwokoresha mu gushikira ubutegetsu bidacye mu matora ;

M  
AL

**ADOPTONS SOLENNELLEMENT LA  
PRESENTE CONSTITUTION QUI EST LA LOI  
FONDAMENTALE DE LA REPUBLIQUE DU  
BURUNDI.**

**TITRE I**

**DE L'ETAT ET DE LA SOUVERAINETE DU  
PEUPLE**

**1. DES PRINCIPES GENERAUX**

**Article 1**

Le Burundi est une République indépendante, souveraine, laïque, démocratique, unitaire et respectant sa diversité ethnique et religieuse.

**Article 2**

Le territoire national du Burundi est inaliénable et indivisible.

**Article 3**

Le Burundi est subdivisé en provinces, communes, zones et collines, et toutes autres subdivisions prévues par la loi. Leurs organisation et fonctionnement sont fixés par la loi. Elle peut en modifier les limites et le nombre.

**Article 4**

Le statut et le rétablissement de la monarchie doivent faire l'objet du référendum.

Tout parti militant pacifiquement en faveur de la restauration de la monarchie a le droit de fonctionner.

**Article 5**

La langue nationale est le Kirundi. Les langues officielles sont le Kirundi et toutes autres langues déterminées par la loi.

Tous les textes législatifs doivent avoir leur version en Kirundi.

**Article 6**

Le principe de la République du Burundi est le gouvernement du peuple, par le peuple et pour le peuple.

**Article 7**

La souveraineté nationale appartient au peuple qui l'exerce, soit directement par la voie du référendum, soit indirectement par ses représentants.

**TWEMEJE KU MUGARAGARO IRI BWIRIZWA  
SHINGIRO ARI NA RYO BWIRIZWA RIKURU  
RYA REPUBURIKA Y'UBURUNDI.**

**IKIGABANE CA I**

**IVYEREKEYE IGIHUGU N'UKWIGENGA  
KW'ABENEGIHUGU**

**1. INGINGO NGENDERWAKO**

**Ingingo ya 1**

Uburundi ni Repuburika imwe rudende, yishira ikizana, itegamiye idini na rimwe, ishingiyeye ku ntwaro rusangi, yubahiriza ubudasa mu vyerekeye amoko n'amadini.

**Ingingo ya 2**

Agataka k'Uburundi ntigashobora gutangwa, kugurishwa canke gucibwamwo ibice.

**Ingingo ya 3**

Uburundi bugizwe n'intara, amakomine, amazone, imitumba n'ibindi bice bitegekanijwe n'Ibwirizwa. Ibwirizwa riratomora ingene ivyo bisata biringanijwe n'ingene bitwarwa. Imbibe n'igitigiri cavyo birashobora guhindurwa n'Ibwirizwa.

**Ingingo ya 4**

Abenegihugu ni bo bategerezwa kwemeza ko intwaro ya cami n'amategeko ayigenga igarukanwa biciye mu matora.

Umugambwe uwo ari wo wose uharanira kugarukana intwaro ya cami udakoresha igikenye urafise uburenganzira bwo gukora.

**Ingingo ya 5**

Ururimi rw'igihugu ni ikirundi. Indimi zikoreshwa mu ntwaro ni ikirundi n'izindi ndimi zishingwa n'Ibwirizwa.

Amabwirizwa yose ategerezwa guhindurwa mu Kirundi.

**Ingingo ya 6**

Intwaro ya Repuburika y'Uburundi ikomoka ku benegihugu, ni bo bayishinga kandi ni bo iharanira.

**Ingingo ya 7**

Abenegihugu ni bo soko ry'ubutegetsi mu gihugu, ni bo bitorera ababaserukira ngo barangure amabanga y'intwaro canke bakifatira bo nyene ingingo zirongora igihugu biciye mu matora.

Aucune partie du peuple, aucun individu ne peut s'en attribuer l'exercice.

#### Article 8

Le suffrage est universel, égal, secret, libre et transparent. Il peut être direct ou indirect dans les conditions prévues par la loi.

Sont électeurs, dans les conditions déterminées par le code électoral, tous les burundais âgés de dix-huit ans révolus et jouissant de leurs droits civils et politiques.

#### Article 9

La capitale du Burundi est fixée à Bujumbura. La loi peut la transférer en tout autre lieu de la République ou séparer la capitale politique de la capitale économique.

#### Article 10

Le drapeau du Burundi est tricolore : vert, blanc et rouge. Il a la forme d'un rectangle partagé par un sautoir, comportant en son centre un disque blanc frappé de trois étoiles rouges à six branches qui forment un triangle équilatéral fictif inscrit dans un cercle fictif ayant le même centre que le disque et dont la base est parallèle à la longueur du drapeau.

La loi précise les dimensions et les autres détails du drapeau.

#### Article 11

La devise du Burundi est «Unité, Travail, Progrès». L'emblème de la République du Burundi est un écu frappé de la tête du lion ainsi que de trois lances, le tout entouré de la devise nationale.

L'hymne national est «Burundi bwacu».

Le Sceau de la République est déterminé par une loi.

#### Article 12

La qualité de Burundais s'acquiert, se conserve et se perd selon les conditions déterminées par une loi.

Les enfants nés des hommes ou des femmes burundais ont les mêmes droits au regard de la loi sur la nationalité.

Nta mugwi n'umwe w'abenegihugu kandi nta muntu n'umwe ashobora kwihagira ubutegetsi.

#### Ingingo ya 8

Umwenegihugu wese akwije ibisabwa n'amategeko arafise uburenganzira bwo gutora. Mw'itora nta jwi riruta irindi, kandi umuntu wese atora mu mwiherero, uko ashaka, agatorera ahazwi. Mu gutora, abenegihugu bashobora kwitorera bo nyene abategetsi canke bagatora ababaserukira mu gutora abo bategetsi nk'uko bitegekaniye n'ibwirizwa.

Abarekuriwe gutora hakurikijwe igitabu c'amategeko agenga amatora, ni Abarundi bose bakwije imyaka cumi n'umunani kandi atakibakumira mu mabanga y'igihugu.

#### Ingingo ya 9

Umurwa mukuru w'Uburundi ushinzwe i Bujumbura. ibwirizwa rirashobora kuwimurira ahandi hose mu gihugu canke rigatandukanya umurwa mukuru w'ivyaporitike n'umurwa mukuru w'ivy'ubutunzi.

#### Ingingo ya 10

Ibendera ry'Uburundi rigizwe n'amabara atatu. iry'urwatsi rutoto, iryera n'iritukura. Rishushanijwe bwa rukiramende, rikagaburwamwo ibice bine, hagati hakaba urubumbiro rwera rurimwo inyenyeri zitatu zitukura zifise amasonga atandatu imwe imwe kandi zikagira inyabutatu ngereranyo ifise impande zose zingana na yo ikaba mu muzingi ngereranyo usangiye itsina na rwa rubumbiro, ishingiro ryayo rikaba ribangabanganywe n'uburebure bw'ibendera.

Ibwirizwa ni ryo ritomora uko ibendera riraha n'ibindi vyose biriranga.

#### Ingingo ya 11

Icivugo c'Uburundi ni «Ubumwe, Ibikorwa, Amajambere». Ikimenyetso ca Repuburika y'Uburundi ni inkinzho ishushanijweko umutwe w'intare n'amacumu atatu, vyose bikaba bikikijwe n'icivugo c'Igihugu.

Ururirimbo ruhayagiza Igihugu ni «Burundi bwacu».

Ikimangu ca Repuburika y'Uburundi gishingwa n'ibwirizwa.

#### Ingingo ya 12

Ibwirizwa ni ryo rishinga uburyo umuntu aronka ubwenegihugu, abugumya canke abutakaza.

Abana bavuka ku Burundi canke ku Barundikazi baranganya uburenganzira imbere y'Ibwirizwa rigenga ubwenegihugu.

bl

bl

## 2. DES VALEURS FONDAMENTALES

### Article 13

Tous les Burundais sont égaux en mérite et en dignité. Tous les citoyens jouissent des mêmes droits et ont droit à la même protection de la loi. Aucun Burundais ne sera exclu de la vie sociale, économique ou politique de la nation du fait de sa race, de sa langue, de sa religion, de son sexe ou de son origine ethnique.

### Article 14

Tous les Burundais ont le droit de vivre au Burundi dans la paix et dans la sécurité. Ils doivent vivre ensemble dans l'harmonie, tout en respectant la dignité humaine et en tolérant leurs différences.

### Article 15

Le Gouvernement est construit sur la volonté du peuple burundais. Il est responsable devant lui et en respecte les libertés et droits fondamentaux.

### Article 16

Le Gouvernement burundais doit être composé de sorte que tous les burundais y soient représentés et qu'il les représente tous, que chacun ait des chances égales d'en faire partie, que tous les citoyens aient accès aux services publics et que les décisions et les actions du Gouvernement recueillent le plus large soutien possible.

### Article 17

Le Gouvernement a pour tâche de réaliser les aspirations du peuple burundais, en particulier de guérir les divisions du passé, d'améliorer la qualité de la vie de tous les Burundais et de garantir à tous la possibilité de vivre au Burundi à l'abri de la peur, de la discrimination, de la maladie et de la faim.

### Article 18

La fonction du régime politique est d'unir, de rassurer et de réconcilier tous les Burundais. Ce régime veille à ce que le Gouvernement mis en place soit au service du peuple burundais, source de son pouvoir et de son autorité.

Le Gouvernement respecte la séparation des pouvoirs, la primauté du droit et les principes de bonne gouvernance et de transparence dans la conduite des affaires publiques.

## 2. IVYEREKEYE IMICO NDANGAMUTIMA NGENDERWAKO

### Ingingo ya 13

Abarundi bose baranganya iteka n'ivyo bakwiye kuronka. Abenegihugu bose baranganya agateka kandi amabwirizwa abakingira kumwe. Nta murundi n'umwe azokumirwa mu vyerekeye imibano, ubutunzi canke intwaro y'igihugu kubera ibara ry'urukoba rwiwe, ururimi, idini, igitsina canke ubwoko bwiwe.

### Ingingo ya 14

Abarundi bose barafise uburenganzira bwo kuba mu Burundi mu mahoro no mu mutekano. Bategerezwa kubana ata nkomanzi, bakubahiriza iteka rya zina muntu, bakihanganiranira mu budasa bwabo.

### Ingingo ya 15

Reta ishimikira ku gushaka kw'Abarundi, ni bo bayigenzura kandi ikubahiriza ukwishira n'ukwizana hamwe n'agateka ngenderwako kabo.

### Ingingo ya 16

Reta y'Uburundi itegerezwa kuringanizwa ku buryo Abarundi bose bayiserukirwamwo na yo ikabaserukira bose ; Abarundi bose baranganya uburenganzira bwo kuja muri Reta ; abenegihugu bose barafise uburenganzira bwo gushikira abo bakeneye bajewe imirimo ya Reta kandi ingingo n'ibirangurwa na Reta bigashigikirwa na benshi.

### Ingingo ya 17

Reta ijewe gukora ivyo Abarundi bipfuzwa, cane cane kurandurana n'imizi amacakubiri yo muri kahise, kuronsa Abarundi bose akarusho mu buryo babayeho kandi ikishinga ko Abarundi bose bashobora kuba mu Burundi ata bwoba, ata gukumirwa, bagakingirwa indwara n'inzara.

### Ingingo ya 18

Igikorwa intwaro y'igihugu ijewe ni uguhuza Abarundi, kwizigiza no kunywanisha Abarundi bose, ikaraba ko Reta iriko irakora ku neza y'Abarundi, bo soko ry'ububasha n'ubutegetsi bwayo.

Reta irubahiriza ubwigenge bw'izindi nzego, igashira imbere amategako, ibiranga intwaro ibereye n'ukurangura ku mugaragaro amabanga y'igihugu.

## TITRE II

### DE LA CHARTE DES DROITS ET DES DEVOIRS FONDAMENTAUX, DE L'INDIVIDU ET DU CITOYEN

#### Article 19

Les droits et devoirs proclamés et garantis par les textes internationaux relatifs aux droits de l'homme régulièrement ratifiés font partie intégrante de la Constitution.

#### Article 20

Tous les citoyens ont des droits et des obligations.

### 1. DES DROITS FONDAMENTAUX DE L'INDIVIDU ET DU CITOYEN

#### Article 21

La dignité humaine est respectée et protégée. Toute atteinte à la dignité humaine est réprimée par le Code pénal.

#### Article 22

Tous les citoyens sont égaux devant la loi, qui leur assure une protection égale.

Nul ne peut être l'objet de discrimination du fait notamment de son origine, de sa race, de son ethnie, de son sexe, de sa couleur, de sa langue, de sa situation sociale, de ses convictions religieuses, philosophiques ou politiques, du fait d'un handicap physique ou mental, du fait d'être porteur du VIH/SIDA ou toute autre maladie incurable.

#### Article 23

Nul ne sera traité de manière arbitraire par l'Etat ou ses organes.

L'Etat a l'obligation d'indemniser toute personne victime de traitement arbitraire de son fait ou du fait de ses organes.

#### Article 24

Toute personne humaine a droit à la vie.

#### Article 25

Tout être humain a droit à la liberté de sa personne, notamment à l'intégrité physique et psychique et à la liberté de mouvement. Nul ne sera soumis à la torture, ni à des peines ou traitements cruels, inhumains ou dégradants.

## IKIGABANE CA II

### IVYEREKEYE AMASEZERANO NGENDERWAKO AJANYE N'AGATEKA KA ZINA MUNTU, IBISABWA UMWENEGIHUGU N'UMUNTU WESE

#### Ingingo ya 19

Amateka n'ibitegerejwe vyatangajwe bigakingirwa n'amasezerano y'isi yose yerekeye agateka ka zina muntu Uburundi bwemeje biri mu bigize iri Bwirizwa Shingiro.

#### Ingingo ya 20

Abenegihugu bose barafise ivyo bafitiye uburenganzira n'ivyo bategerejwe.

### 1. IVYEREKEYE AGATEKA NGENDERWAKO KA ZINA MUNTU WESE N'AK'UMWENEGIHUGU

#### Ingingo ya 21

Iteka ry'umuntu wese rirasonerwa kandi rirakingirwa. Uguhonyanga iteka ry'umuntu wese birahanwa n'Igitabu c'amategeko mpanavyaha.

#### Ingingo ya 22

Abenegihugu bose barangana imbere y'amategeko kandi akabakingira kumwe.

Nta muntu n'umwe ashobora gukumirwa kubera amamuko yiwe, ibara ry'urukoba rwiwe, ubwoko bwawe, igitsina ciwe, ururimi avuga, uko abayeho mu gihugu, idini ryawe, ivyiyumviro nyamukuru vyawe ku vyerekeye ubuzima canke intwari y'igihugu canke kubera ubumuga canke kubera ko afise umugera wa SIDA canke iyindi ndwara iyo ari yo yose idakira.

#### Ingingo ya 23

Nta muntu n'umwe azorenganywa na Reta canke inzego zayo.

Reta itegerezwa gushumbusha umuntu uwo ari we wese yarenganijwe bivuye kuri yo canke bivuye ku nzego zayo.

#### Ingingo ya 24

Umuntu wese arafise uburenganzira bwo kubaho.

#### Ingingo ya 25

Umuntu wese arafise uburenganzira bwo kwishira no kwizana mu buzima bwawe nko kudasinzikarizwa amagara ku mubiri canke mu mutwe kandi akagira uburenganzira bwo kuja iyo ashaka. Nta muntu n'umwe ashobora gusinzikarizwa ubuzima, ngo afatwe

**Article 26**

Nul ne sera tenu en esclavage ou en servitude. L'esclavage et le trafic d'esclaves sont interdits sous toutes leurs formes.

**Article 27**

L'Etat veille, dans la mesure du possible, à ce que tous les citoyens disposent des moyens de mener une existence conforme à la dignité humaine.

**Article 28**

Toute personne humaine a droit au respect de sa vie privée et de sa vie familiale, de son domicile et de ses communications personnelles.

**Article 29**

La liberté de se marier est garantie, de même que le droit de choisir son ou sa partenaire. Le mariage ne peut être conclu qu'avec le libre et plein consentement des futurs époux.

Le mariage entre deux personnes de même sexe est interdit.

**Article 30**

La famille est la cellule de base naturelle de la société. Le mariage en est le support légitime. La famille et le mariage sont placés sous la protection particulière de l'Etat.

Les parents ont le droit naturel et le devoir d'éduquer et d'élever leurs enfants. Ils sont soutenus, dans cette tâche, par l'Etat et les collectivités publiques.

Tout enfant a droit, de la part de sa famille, de la société et de l'Etat, aux mesures de protection spéciale qu'exige sa condition de mineur.

**Article 31**

La liberté d'expression est garantie. L'Etat respecte la liberté de religion, de pensée, de conscience et d'opinion.

**Article 32**

La liberté de réunion et d'association est garantie, de même que le droit de fonder des associations ou organisations conformément à la loi.

**Article 33**

Tous les citoyens burundais ont le droit de circuler et de s'établir librement n'importe où sur le territoire national ainsi que de le quitter et d'y revenir.

nk'inyamaswa canke akurweko agateka.

**Ingingo ya 26**

Nta muntu n'umwe azogirwa umuja canke umushumba. Ubuja n'ugucuruza abaja mu buryo ubwo ari bwo bwose birabujijwe.

**Ingingo ya 27**

Reta iritaho mu buryo bwose bushoboka ko abenegihugu baronka uburyo bukwiye bwo kubaho bubereye zina muntu.

**Ingingo ya 28**

Umuntu wese arafise uburenganzira bwo kwubahirizwa mu kwigenga mu buzima bwiye n'ubwo umuryango wiye, mu rugo rwiye no mu vyo ayaga n'abandi bimwega.

**Ingingo ya 29**

Uburenganzira bwo kwabirana burubahirizwa, co kimwe no kwitorera uwo mwabirana. Ukwabirana bishoboka iyo abashaka kwabirana bavyiyemereye ata gahato.

Ukwabirana kw'abafise ibitsina bisa birabujijwe.

**Ingingo ya 30**

Urugo ni rwo shingiro kamere ry'igihugu. Ukwabirana ni yo nkingi yarwo yemewe n'amategoko. Reta irakingira bidasanze ingo n'imiryango.

Abavyeyi basanganywe uburenganzira kama bwo kurera neza abana babo kandi barabitegerezwa. Mu kurangura iryo banga bashigikirwa n'igihugu n'ibisata vyaco.

Urugo n'imiryango, mbere n'igihugu cose bitegerezwa gukingira bimwe bidasanze abana bivanye n'uko batarashika mu bigero.

**Ingingo ya 31**

Umuntu wese arafise uburenganzira bw'ugushikiriza ivyiyumviro vyawe. Reta irubahiriza ubwigenge bw'umuntu bw'ukuja mw'idini ashaka, bw'ukwiyumvira n'ugukurikiza umutimanama wiye.

**Ingingo ya 32**

Ubwigenge bwo gutunganya inama no kuja hamwe n'abandi co kimwe n'ugushinga amashirahamwe, birubahirizwa hisunzwe amabwirizwa.

**Ingingo ya 33**

Abarundi bose barafise uburenganzira bwo kuja no kugerera ata nkomanzi aho ari ho hose mu Burundi, kuhimuka canke kuhagaruka.



bl



bl

**Article 34**

Nul ne peut être arbitrairement privé de sa nationalité, ni du droit d'en changer.

**Article 35**

L'Etat assure la bonne gestion et l'exploitation rationnelle des ressources naturelles du pays, tout en préservant l'environnement et la conservation de ces ressources pour les générations à venir.

**Article 36**

Toute personne a droit à la propriété.

Nul ne peut être privé de sa propriété que pour cause d'utilité publique, dans les cas et de la manière établis par la loi et moyennant une juste et préalable indemnité ou en exécution d'une décision judiciaire coulée en force de chose jugée.

**Article 37**

Le droit de fonder des syndicats et de s'y affilier ainsi que le droit de grève, sont reconnus. La loi régleme l'exercice de ces droits et interdit à certaines catégories de personnes de se mettre en grève.

Dans tous les cas, ces droits sont interdits aux membres des corps de défense et de sécurité.

**Article 38**

Toute personne a droit, dans une procédure judiciaire ou administrative, à ce que sa cause soit entendue équitablement et à être jugée dans un délai raisonnable.

**Article 39**

Nul ne peut être privé de sa liberté, si ce n'est que conformément à la loi.

Nul ne peut être inculpé, arrêté, détenu ou jugé que dans les cas déterminés par la loi promulguée antérieurement aux faits qui lui sont reprochés.

Le droit de la défense est garanti devant toutes les juridictions.

Nul ne peut être distrait, contre son gré, du juge que la loi lui assigne.

**Article 40**

Toute personne accusée d'un acte délictueux est présumée innocente jusqu'à ce que sa culpabilité ait été légalement établie au cours d'un procès public durant lequel les garanties nécessaires à sa libre défense lui auront été assurées.

**Ingingo ya 34**

Nta muntu n'umwe ashobora kwakwa ubwenegihugu canke ububasha bwo kubuhindura.

**Ingingo ya 35**

Reta irabungabunga kandi igakoresha mu buryo bubereye amatungo kama y'igihugu itibagiye kwubahiriza ibidukikije no kubungabunga ayo matungo ku neza y'abazovuka mu nyuma.

**Ingingo ya 36**

Umuntu wese afise uburenganzira bwo kuganza ivyiwe bimwegukira.

Ntawushobora kwakwa ubwo burenganzira, kiretse ku neza y'igihugu, ku vyavuzwe bikongera bigategekanywa n'amategeko kandi abanje gushumbushwa bikwiye, kiretse iyo ari ugukurikiza urubanza rwabayе ntabanduka.

**Ingingo ya 37**

Uburenganzira bwo gushinga amashirahamwe aharanira ineza y'abakozi no kuyajamwo hamwe n'uburenganzira bwo guhagarika imirimo buremewe. Ibwirizwa ni ryo ritegekanya ingene ubwo burenganzira bukoresha kandi rigashobora kubuza imigwi imwimwe y'abakozi guhagarika imirimo.

Uko biri kwose, abasirikare n'abaporisi ntibarekuriwe kugira ubwo burenganzira.

**Ingingo ya 38**

Umuntu wese, mu rubanza rwa Sentare canke rwo mu ntwaro, arafise uburenganzira bwo kwumvirizwa bikwiye ata karenganyo kandi agacirwa urubanza mu kiringo gikwiye, cumvikana.

**Ingingo ya 39**

Nta muntu n'umwe ashobora kwakwa ubwigenge bwiwe, kiretse birekuwe n'amategeko.

Nta muntu n'umwe ashobora gukurikiranwa, gufatwa, gupfungwa canke gucirwa urubanza, kiretse mu bihe bitegekanijwe n'ibwirizwa ryatangajwe imbere yuko ivyaha yagirizwa bikorwa.

Uburenganzira bw'ukwiregura burubahirizwa imbere ya sentare zose.

Ntawushobora kubuzwa ku gahato kuburana imbere ya sentare ibwirizwa ritegekanya.

**Ingingo ya 40**

Umuntu yagirijwe icaha afatwa nk'umwera gushika yagire icaha hakurikijwe amategeko mu ntahe y'icese kandi yaronse uburyo bukwiye bw'ukwiregura.

**Article 41**

Nul ne sera condamné pour des actes ou omissions qui, au moment où ils ont été commis, ne constituaient pas une infraction.

De même, il ne peut être infligé de peine plus forte que celle qui était applicable au moment où l'infraction a été commise.

**Article 42**

Nul ne peut être soumis à des mesures de sûreté que dans les cas et les formes prévus par la loi, notamment pour des raisons d'ordre public ou de sécurité de l'Etat.

**Article 43**

Nul ne peut faire l'objet d'immixtion arbitraire dans sa vie privée, sa famille, son domicile ou sa correspondance, ni d'atteintes à son honneur et à sa réputation.

Il ne peut être ordonné de perquisitions ou de visites domiciliaires que dans les formes et les conditions prévues par la loi.

Le secret de correspondance et de communication est garanti dans le respect des formes et conditions déterminées par la loi.

**Article 44**

Tout enfant a droit à des mesures particulières pour assurer ou améliorer les soins nécessaires à son bien-être, à sa santé et à sa sécurité physique et pour être protégé contre les mauvais traitements, les exactions ou l'exploitation.

**Article 45**

Nul enfant ne peut être utilisé directement dans un conflit armé. La protection des enfants est assurée en période de conflit armé.

**Article 46**

Nul enfant ne peut être détenu si ce n'est en dernier recours, auquel cas la durée de sa détention sera la plus courte possible.

Tout enfant a le droit d'être séparé des détenus de plus de 16 ans et de faire l'objet d'un traitement et de conditions de détention adaptés à son âge.

**Article 47**

Toute restriction d'un droit fondamental doit être fondée sur une base légale ; elle doit être justifiée par l'intérêt général ou par la protection d'un droit fondamental

*M* *el*

**Ingingo ya 41**

Ntawushobora guhanwa kubera ivyo yakoze canke ivyo yirengagije kandi bitafatwa nk'ivyaha igihe yabikora.

Vyongeye, umuntu ntashobora guhabwa igihano kirengeye icari gitegekanijwe igihe yakora icaha kimwagiriye.

**Ingingo ya 42**

Nta n'umwe ashobora kwakwa umwidegemvyo hadakurikijwe uko amabwirizwa abitegekanya kiretse iyo umutekano ushobora guhungabana canke iyo igihugu kigeramiwe.

**Ingingo ya 43**

Ntawushobora kwisuka mu biraba ubuzima bw'uwundi, mu rugo rwiwe, mu twiwe n'abiwe no mu makete yanditse n'ayo yandikiwe, canke ngo akurweko agateka hadakurikijwe amategeko.

Ntawushobora gutegeka gusaka canke kwitera mu nzu y'umuntu atisunze amabwirizwa abitegekanya.

Amabwirizwa arategekanya ingene amabanga ari mu makete no mu bundi butumwa yubahirizwa.

**Ingingo ya 44**

Umwana wese arafise uburenganzira bw'ukubungabungwa no kworoherezwa kurusha uko abayeho mu vyerekeye amagara yiwe, umutekano wiwe, ukudafatwa bunyamaswa, ugucurwa bufuni na buhoro canke gukoreshwa ku nguvu. Ku bw'ivyo, harafatwa ingingo zose zikwiye z'ukuyubahiriza.

**Ingingo ya 45**

Birabujijwe ko umwana uwo ari we wese akoreshwa mu vy'urugamba. Mu gihe c'intambara, abana bategerezwa gukingirwa.

**Ingingo ya 46**

Birabujijwe gupfunga umwana kiretse ata kundi vyogenda, na ho nyene agapfungwa igihe gito gishoboka.

Umwana wese apfunzwe ategerezwa gutandukanywa n'imbohe zirenza imyaka cumi n'itandatu y'amavuka kandi agafatwa mu buryo bukwiranye n'imyaka yiwe.

**Ingingo ya 47**

Ikintu cose kigabanya amateka ntarengwako gitegerezwa kuba gishimikiye kw'ibwirizwa; imvo yaco igatumwa n'ineza ya bose canke ugukingira amateka ntarengwa

*M* *el*

d'autrui ; elle doit être proportionnée au but visé.

#### Article 48

Les droits fondamentaux doivent être respectés dans l'ensemble de l'ordre juridique, administratif et institutionnel. La Constitution est la loi suprême. Le législatif, l'exécutif et le judiciaire doivent la faire respecter. Toute loi non conforme à la Constitution est frappée de nullité.

#### Article 49

Aucun citoyen ne peut être contraint à l'exil.

#### Article 50

Le droit d'asile est reconnu dans les conditions définies par la loi.

Aucun Burundais ne peut être extradé.

#### Article 51

Tout Burundais a le droit de participer, soit directement, soit indirectement, par ses représentants, à la direction et à la gestion des affaires de l'Etat, sous réserve des conditions légales, notamment d'âge et de capacité.

Tout Burundais a également le droit d'accéder aux fonctions publiques de son pays.

#### Article 52

Toute personne est fondée à obtenir la satisfaction des droits économiques, sociaux et culturels indispensables à la dignité et au libre développement de sa personne, grâce à l'effort national et compte tenu des ressources du pays.

#### Article 53

Tout citoyen a droit à l'égal accès à l'instruction, à l'éducation et à la culture.

L'Etat a le devoir d'organiser l'enseignement public et d'en favoriser l'accès.

Toutefois, le droit de fonder les écoles privées est garanti dans les conditions fixées par la loi.

#### Article 54

L'Etat reconnaît à tous les citoyens le droit au travail et s'efforce de créer des conditions qui rendent la jouissance de ce droit effective. Il reconnaît le droit qu'à toute personne de jouir des conditions de travail justes et satisfaisantes et garantit au travailleur la juste rétribution de ses services ou de sa production.

y'abandi, kikaba gikwiranye n'ineza ironderwa.

#### Ingingo ya 48

Amateka ngenderwako ategerezwa kwubahirizwa mu bisata vyose vy'ubutungane, vy'intworo hamwe n'inzeho zose z'igihugu. Ibwirizwa Shingiro ni ryo risumba ayandi yose kandi urwego nshingamateka, urwego nshikiranganji n'urwego rw'ubutungane zitegerezwa kuryubahiriza. Ibwirizwa ryose riteye kubiri n'Ibwirizwa Shingiro riba impfagusa.

#### Ingingo ya 49

Nta mwenegihugu n'umwe ashobora kwangazwa.

#### Ingingo ya 50

Umuntu ahungiyeye mu Burundi arakirwa hakurikijwe amabwirizwa.

Nta Murundi n'umwe ashobora gushirwa mu minwe y'ubutungane bw'ikindi gihugu kiriko kiramukurikirana.

#### Ingingo ya 51

Umurundi wese arafise uburenganzira bw'ukugira uruhara mu vyerekeye itunganywa ry'ivy'igihugu, yiserukiye we nyene canke aciye ku bamuserukira ariko bidatye kubiri n'amabwirizwa abitegekanya nk'ayerekeye imyaka y'amavuka n'ayerekana ababikwiye.

Umurundi wese arashobora kandi gushingwa amabanga y'igihugu ciwe.

#### Ingingo ya 52

Umuntu wese akwiye kuronka ibimufasha mu mateka yerekeye ubutunzi, imibano, imico bikenewe kugira ngo yiteze imbere, aronke iteka rimukwiye bivuye ku kigoro k'igihugu kandi hisunzwe uburyo igihugu gifise.

#### Ingingo ya 53

Umwenegihugu wese arafise uburenganzira bungana n'ubw'abandi bwo guhabwa inyigisho, indero no kubaho yisunze imico kama n'akaranga vy'igihugu ciwe.

Reta itegerezwa gutunganya inyigisho mu mashuri yayo ikanorohera abakeneye kuyajamwo.

N'aho biri uko, uburenganzira bwo gushinga amashuri y'abigenga buremewe hisunzwe amabwirizwa.

#### Ingingo ya 54

Reta iremera ko abenegihugu bose bafise uburenganzira bwo kuronka akazi igakora uko ishobora kwose kugira ishure ibikenewe bituma ubwo burenganzira bushobora kuja mu ngiro. Irubahiriza ko umukozi wese aronka impembo ikwiranye n'akazi akora canke umwimbu wiwe kandi akabaho mu buryo bwiza kandi bushimishije.

M

bl

M

NL

**Article 55**

Toute personne a le droit d'accéder aux soins de santé.

**Article 56**

L'Etat a l'obligation de favoriser le développement du pays, en particulier le développement rural.

**Article 57**

A compétence égale, toute personne a droit, sans aucune discrimination, à un salaire égal pour un travail égal.

**Article 58**

Chacun a droit à la protection des intérêts moraux et matériels découlant de toute production scientifique, littéraire ou artistique dont il est l'auteur.

**Article 59**

Tout étranger qui se trouve sur le territoire de la République jouit de la protection accordée aux personnes et aux biens dans les limites déterminées par une loi.

**Article 60**

Le pouvoir judiciaire, gardien des droits et des libertés publiques, assure le respect de ces droits et libertés dans les conditions prévues par la loi.

**Article 61**

Nul ne peut abuser des droits reconnus par la Constitution ou par la loi pour compromettre l'unité nationale, la paix, la démocratie, l'indépendance du Burundi, porter atteinte à la laïcité de l'Etat ou violer, de toute autre manière, la présente Constitution.

## 2. DES DEVOIRS FONDAMENTAUX DE L'INDIVIDU ET DU CITOYEN

**Article 62**

Toute personne a le devoir de respecter ses compatriotes et de leur témoigner de la considération, sans discrimination aucune.

**Article 63**

Chaque citoyen a des devoirs envers la famille et la société, envers l'Etat et les autres collectivités publiques.

**Article 64**

Chaque Burundais a le devoir de préserver et de renforcer l'unité nationale conformément à la Charte de l'Unité Nationale.

**Article 65**

Chacun est tenu de respecter les lois et les institutions de la République.

**Ingingo ya 55**

Umuntu wese arafise uburenganzira bwo kuvurwa.

**Ingingo ya 56**

Reta itegerezwa kwitaho iterambere ry'igihugu canecane iterambere ry'ahatari mu bisagara.

**Ingingo ya 57**

Abantu bose bategerezwa kuronka impembo ingana iyo bakora akazi kamwe kandi babishoboye kumwe.

**Ingingo ya 58**

Umuntu wese ategerezwa kwubahirizwa mu bikorwa aranguye bimutera iteka canke bikamugirira akamaro, vyaba ivyo ahinguye, mu vyo yanditse canke mu vy'utugenegene yakoze ubwiwe.

**Ingingo ya 59**

Umunyamahanga wese aba mu Burundi ategerezwa gukingirwa mu buzima bwiwe no mu matungo yiwe nk'uko ibwirizwa ribitegekanya.

**Ingingo ya 60**

Urwego rw'ubutungane ari na rwo rukingira agateka n'ubwigenge vy'abantu, ruracungera iyubahirizwa ryayo nk'uko bitegekanyijwe n'ibwirizwa.

**Ingingo ya 61**

Nta muntu n'umwe ashobora kwitwaza ivyo arekuriwe n'ibwirizwa Shingiro canke amabwirizwa kugira ngo ahungabanye ubumwe bw'Abarundi, amahoro, intwari rusangi, ukwikukira kw'Uburundi, ace kubiri n'ingendo ishingira ko igihugu kitegamiye idini na rimwe canke ngo arenge mu bundi buryo bwose iri Bwirizwa shingiro.

## 2. IBISABWA NGENDERWAKO KU MWENEGIHUGU N'UMUNTU WESE

**Ingingo ya 62**

Umuntu wese ategerezwa kwubaha abo basangiye igihugu, akabereka ko abasonera ata gukumira.

**Ingingo ya 63**

Umwegihugu wese arafise ibikorwa ategerezwa kurangurira umuryango wiwe n'abandi bantu, igihugu n'ibisata vyaco.

**Ingingo ya 64**

Umurundi wese ategerezwa kwama abungabunga kandi akomeza ubumwe mu gihugu yisunze Amasezerano y'Ubumwe bw'Abarundi.

**Ingingo ya 65**

Umuntu wese ategerezwa kwubaha amabwirizwa n'inzeho z'Igihugu.

**Article 66**

Chaque Burundais a le devoir de préserver le développement harmonieux de la famille et d'œuvrer en faveur de la cohésion et du respect de cette famille, de respecter à tout moment ses parents, de les nourrir et de les assister en cas de nécessité.

**Article 67**

Chaque individu a le devoir de respecter et de considérer son semblable sans discrimination aucune, et d'entretenir avec lui les relations qui permettent de promouvoir, de sauvegarder et de renforcer le respect et la tolérance.

**Article 68**

Chaque Burundais doit veiller, dans ses relations avec la société, à la préservation et au renforcement des valeurs culturelles burundaises et contribuer à l'établissement d'une société moralement saine.

**Article 69**

Les biens publics sont sacrés et inviolables. Chacun est tenu de les respecter scrupuleusement et de les protéger. Chaque Burundais a le devoir de défendre le patrimoine de la nation.

Tout acte de sabotage, de vandalisme, de corruption, de détournement, de dilapidation, ou tout autre acte qui porte atteinte au bien public est réprimé dans les conditions prévues par la loi.

**Article 70**

Tous les citoyens sont tenus de s'acquitter de leurs obligations civiques et de défendre la patrie.

Chacun a le devoir de travailler pour le bien commun et de remplir ses obligations professionnelles.

Tous les citoyens sont égaux devant les charges publiques. Il ne peut être établi d'exonération que par la loi.

L'Etat peut proclamer la solidarité de tous devant les charges qui résultent des calamités naturelles et nationales.

**Article 71**

Tout Burundais chargé d'une fonction publique ou élu à une fonction politique a le devoir de l'accomplir avec conscience, probité, dévouement et loyauté dans l'intérêt général.

**Article 72**

Chaque Burundais a le devoir de défendre l'indépendance nationale et l'intégrité du territoire.

**Ingingo ya 66**

Umurundi wese ategerezwa gushigikira iterambere ry'umuryango wiwe n'ugukora atiziganya kugira ngo uwo muriyango ugume ufatanye mu nda kandi ugumane icubahiro. Ategerezwa kwama asonera abamwibarutse, akabaronsa imfugurwa, akabafasha, akabaraba igihe cose bikenewe.

**Ingingo ya 67**

Umuntu wese ategerezwa gusonera no guha icubahiro abandi ata gucagura, no gukomeza imigenderanire iteza imbere kandi igatsimbataza ugusoneranira n'ukwihanganiranira.

**Ingingo ya 68**

Umurundi wese, mu mibano yiwe n'abandi, ategerezwa kwama yigenza neza ku buryo akingira akongera agakomeza imico kama n'akaranga vy'igihugu. Ategerezwa kandi guterera agacumu k'ubumwe mu kwubaka igihugu c'iteka n'ubuntu.

**Ingingo ya 69**

Amatungo y'igihugu ategerezwa gusonerwa no kwubahirizwa. Umuntu wese ategerezwa kuyitwararika n'ukuyakingira. Umurundi wese ategerezwa guhagararira amatungo y'igihugu.

Umuntu wese yononye itunga ry'igihugu, mu kumenagura canke mu gusambura, mu kurya ibiturire, mu kunyuruza, mu gusesagura canke akoresheje ubundi buryo ubwo ari bwo bwose bw'ukwonona amatungo y'igihugu arahana hakurikijwe ibwirizwa.

**Ingingo ya 70**

Abenegihugu bese bategerezwa kurangura ivyo vyose igihugu kibakeneyeko n'ukukirwanira.

Umuntu wese ategerezwa gukorera ineza ya bese kandi akarangura imirimo ajejwe.

Abenegihugu bese bategerezwa gutanga intererano igihugu kibaronderako. Amabwirizwa ni yo yonyene arekurira umuntu kutayitanga.

Reta irashobora gusaba ko abantu bese batabara iyo hateye ikiza mu gihugu.

**Ingingo ya 71**

Umurundi wese ashinzwe canke yatorewe amabanga y'igihugu ategerezwa kuyarangurana umutimanama, ubuntu, ubwira n'ubugamburutsi ku neza ya bese.

**Ingingo ya 72**

Umurundi wese ategerezwa gukingira intahe y'ukwikurira n'imbibe z'igihugu.

M

bl

M

bl

Tout citoyen a le devoir sacré de veiller et de participer à la défense de sa patrie.

Tout Burundais, tout étranger qui se trouve sur le territoire de la République du Burundi a le devoir de ne pas compromettre la sécurité de l'Etat.

#### Article 73

Tout individu a le devoir de contribuer à la sauvegarde de la paix, de la démocratie et de la justice sociale.

#### Article 74

Tout Burundais a le devoir de contribuer par son travail à la construction et à la prospérité du pays.

### TITRE III

#### DU SYSTEME DES PARTIS POLITIQUES ET DES INDEPENDANTS

#### Article 75

Le multipartisme est reconnu en République du Burundi.

#### Article 76

Les partis politiques peuvent se constituer librement, conformément à la loi. Ils sont agréés conformément à la loi.

#### Article 77

Constitue un parti politique une association sans but lucratif regroupant des citoyens autour d'un projet de société démocratique fondé sur l'unité nationale, avec un programme politique distinct aux objectifs précis répondant au souci de servir l'intérêt général et d'assurer l'épanouissement de tous les citoyens.

#### Article 78

Les partis politiques, dans leur organisation et leur fonctionnement, doivent répondre aux principes démocratiques. Ils doivent être ouverts à tous les Burundais et leur caractère national doit également être reflété au niveau de leur direction. Ils ne peuvent prôner la violence, l'exclusion et la haine sous toutes leurs formes, notamment celles basées sur l'appartenance ethnique, régionale, religieuse ou de genre.

#### Article 79

Les partis politiques et les coalitions de partis politiques doivent promouvoir la libre expression du suffrage et participer à la vie politique par des moyens pacifiques.

Umurundi wese ategerezwa kwama agavye kandi agaterera agacumu k'ubumwe mu kurwanira igihugu c'amavukiro.

Umurundi wese n'umunyamahanga wese aba mu Burundi ategerezwa kwirinda guhungabanya umutekano w'igihugu.

#### Ingingo ya 73

Umuntu wese ategerezwa guterera agacumu k'ubumwe mu kubungabunga amahoro, intwaro rusangi n'ubutungane kuri bese.

#### Ingingo ya 74

Umurundi wese, mu bikorwa vyawe, ategerezwa guterera agacumu k'ubumwe mu kwubaka no mu guteza imbere igihugu.

### IKIGABANE CA III

#### IVYEREKEYE IMIGAMBWE N'ABITOZA KU GITI CABO

#### Ingingo ya 75

Imigambwe myinshi iremewe mu Burundi.

#### Ingingo ya 76

Imigambwe irashobora gushingwa ata nkomanzi hakurikijwe amabwirizwa. Ibwirizwa ni ryo ritegekanya ingene imigambwe yemererwa.

#### Ingingo ya 77

Umugambwe ni ishiraahamwe ry'abantu badaharanira inyungu z'amahera, rihuza abenegihugu bafise imigambi irashe y'ukwubaka igihugu kirangwa n'intwaro rusangi ishimikiye ku bumwe bw'Abarundi, rikaba rifise imigambi ryisangije n'intumbero zitomoye, rigaharanira ineza n'iterambere rya bese n'ukubaho neza kw'abenegihugu bese.

#### Ingingo ya 78

Mw'itunganywa ryayo n'ingene ikora, imigambwe itegerezwa kwisunga ingingo ngenderwako ziranga intwaro rusangi. Itegerezwa kwugururirwa Abarundi bese, bikagaragarira mu rwego nyobozi. Kirazira ko ishira imbere ugukoresha igikenye, ugukumira n'urwanko mu buryo ubwo ari bwo bwose, nk'ugufatira ku moko, intara, idini canke igitsina.

#### Ingingo ya 79

Imigambwe n'inani z'imigambwe bitegerezwa gukora ku buryo mu matora umuntu atora uko ashaka, igakora ivya poritike mu gihugu hadakoreshejwe igikenye, biciye mu mahoro.

M

bl

M

bl